Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 19 январь Рузман №5 (7819) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## КIвар бугел суалал рорхана

16 январалда Агъвали райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас тIобитIана учреждениябазулгун организациябазул ва росдал администрациябазул нухмалъулелгун данделъи.



Данделъиялъул байбихьуда Халилула МухIамадовас къокъго бицана район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе 2023 соналъ гьабураб хIалтIул ва 2024 соналъе цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

Сотовияб бухьеналъе исана республикаялда лъолеб 28 вышкаялдаса анцIго нилъер районалда лъезехъин бугин абуна Халилулагь МухIамадовас халкъалъе чара гьечIого хIажатал шартIал чIезариялъул бицунаго. Гьел лъезехъин руго Хъвайни, Санкьада, Гьакъо, Силди, Инхокъвари, Хъварщи, ЦIумада, РичIагьаних, ГьадайчIи ва Сасикь росабалъ.

РФялъул гражданствоялъул хIакъалъулъ законалъул тIалабал тIуразариялъул хIакъалъулъ кIалъай гьабуна МВДялъул районалда бугеб отделалъул миграциялъулаб пункталъул нухмалъулев Заур МухIамаднабиевас.

2024 соналъул 1 январалдаса нахъе РФялъул росдал магIишаталъул министерствоялъул приказалда рекъон жалго бетIергьанаб магIишаталъул хIисаб гьабиялъуль ругел хиса-басиязул хIакъалъулъ бицун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул росдал магIишаталъул отделалъул хIалтIухъан МухIамад МуртазагIалиев.

Рагъулаб хъулухъ тIубазе призывникал ахIиялъулъ законалда гьарурал хиса-басиязул бицана призывалъул суалгун кIалъазе вахъарав районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расуловас.

РФялъул Президент Владимир Путинил Указалда рекъон 2024 соналъул 1 январалдаса нахъе армиялда хъулухъ гьабизе ахIизе руго 18 ялдаса байбихьун 30 сон тIубазегIан ригь бугел призывникал. Призывниказухъе рагъулаб комиссариаталде ахIиялъул повесткабиги ритIизе руго электронияб къагIидаялда.

Гьединго рагъулав комиссарас бицана, къабул гьабизе бегьулеб гIилла гьечIого, ахIараб заманалда рагъулаб комиссариаталде вачIинчIев ва вачIине инкар гьабурав призывник тамихIалде цIазе вукIиналъул хIакъалъулъги.

Ахираб заманалда Интернеталда тIибитIун бугеб хIиллачагIазул пишабазул (мошенничествоялъул) бицун кIалъазе вахъана МВДялъул районалда бугеб отделалъул начальникасул заместитель МухIамадрасул Сайпулаев. Гьес хасго пикру буссинабуна, Интернеталъул бухьеналдаса батIи-батIиял мессенджералги хIалтIизарун, ахираб заманалда банкаялъул картабаздаса гIадамазул гIарцал рикъиялъул хIужабазде. Бигьияб куцалъ кредитал росизе ва гьел цIунизе счетал рагьиялъул хIакъалъуль гьересиял лъазабиялги ритIун, араб соналъул 10 моцIида жаниб хIиллачагIаз (мошениказ) нилъер улкаялда бикьун буго 121 миллиард гъурущ. Гьеб суалалда сверухъ цIодорго рукIине ккелин абуна МухIамадрасулица жиндирго кIалъаялъул ахиралда.

Данделъиялда гьединго рорхана цогидалги суалал.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

Нилъерал хасаб рагъулаб операциялда

## МухIамадкамилил иргадулаб шапакъат

Хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулев Гьигьалъа МухIамадкамил КъурамухIамадовасул хIакъалъулъ дагьаб цебе хъван букIана районалъул газеталда.

Гьале гьал къояз бачIана гьесул хIакъалъулъ цоги рохалилаб хабар.

БахIарчиго рагъулаб хъулухъ тIубаялъухъ МухIамадкамилие къун буго иргадулаб пачалихъияб шапакъат- «Орден Мужества»



Гьеб ккола рагъулаб хъулухъ тIубалаго МухIамадкамилие щвараб лъабабилеб пачалихъияб шапакъат.

Цебеккун гьесие щвана «Георгиевский крест 4 степени» орден ва медаль «За отвагу».

Жакъа къоялъги МухIамадкамил вагъулев вуго нахъекъай гьечIого, цебесеб мухъилъ.

**Айдимир Шамилов**

ГIадамал ва ишал

## Хабал сверун къана

31 абилеб декабралда киназго хIадурлъи гьабула ЦIияб соналъе дандчIвай



гьабизе. Амма ЦIумада районалъул гIолохъабаз гьеб къоялъ лъикIаб хIалтIи гьабуна МахIачхъалаялда ругел ЦIумадисезул хабалазда сверухъ. Хабалазул гIадлу хвезабулеб букIана гьенир сверухъ ругел гIадамазул боцIи-панз жанибе бачIун.

Жидерго хваразухъе зияраталъ магIарухъан вачIарав Гьигьалъ росдал бетIер Рамадан ГьазимухIамадовасда гьенив ватун вуго цояб рахьалдасан чуял, цогидаб рахъалдасан боцIи бачIун гьел къватIире гьолев хабалазул тIалаб-агьаз гьабулев цIумадисезул жамгIияв хIаракатчи ГIабдулхаликъ Къурачев.

Гьениб ГIабдулхаликъилгун ккараб гара-чIвариялдаса хадуб Рамаданил пикру ккун буго жиндирго пишацоял- росдал бутIрулгун цадахъ хабалазул хутIараб бакI сверухъ сетка ккун щула гьабизе.

Гьелдаса хадуб Рамаданица районалъул росабазул нухмалъулезул ватсапалъул группаялде рехун буго «Ле, гIолохъаби, гьадинаб гIадлу хвараб ахIвал-



хIал бугин гьаниб, дол заруца курмул рухулел рукIарал гIолохъаби гьанже кир ругел, - ан абураб лъазаби.

Къокъабго заманалда жаниб киналго бегавулзабаз хIадурлъиялъул хIалтIиги гьабун, магIарухъан ва шагьаралдасан кумекалъе рачIарал гIолохъабигун цадахъ лъагIалил ахирисеб къоялъ кIудияб хIалтIи гьабуна жидерго хабал щула гьариялда сверухъ.

Гьелдаса разилъарал районалъул жамагIаталъ баркала кьолеб буго гьенир хIалтIарал киналго росдал нухмалъулезе ва гьеб ишалъулъ гIахьаллъаразе.

Аллагьас къуват кьеги цIумадисезе гьедин цолъун, кваригIараб къоялъ цадахъ рахьун хIалтIи гьабизе. Гьеб буго цохIо цIумадисезе гуребги, тIолгоязего мисал.

**Суратазда:** ЦIумадисезул бегавулзаби (тIадехун), хIалтIул лахIзат (гъоркьехун).

**Рукъият ГIалисултанова**

Олимпиада

## Муниципалияб этапалъул хIасилал

Араб соналъул октябрь- декабрь моцIазда районалъул лъайкьеялъул управлениялъ Агъвали гимназиялда тIоритIана районалъул школазул цIалдохъабазда гьоркьор муниципалиял этапалъул цIалул олимпиадаби.

Гьенир гIахьаллъана анцIила анкьго школалдаса ункънусиялда лъабкъоялда анцIго цIалдохъан. Гьезда гьоркьоса анцIила цо цIалдохъан вахъана бергьаравлъун, къоло щуго - призерлъун. Гьелдаса бихьулеб буго хIасилал абизегIан лъикIал гьечIеблъи. ХIисаб гьабураб мехалъ, муниципалияб этапалъул хIасилал гьал ахирал соназ гIодорегIанал ккун руго.

ЛъикIал хIасилал рихьизаруна кидаго гIадин ТIадгъаквари ва ТIинди школалъул цIалдохъабаз. ЛъикIазул мухъилъ рехсезе бегьула цо-цо тIоцебесеб бакI ккурал Хуштада, Гъоркьгъаквари, Лъондода школал ва Агъвали гимназия.

Муниципалияб этапалъул олимпиадабазул хIасилал ккана хадур рехсарал:

ТIадгъаквари: бергьарав - 4, призер-4;
ТIинди: бергьарав -3, призер-5;
Хуштада: бергьарав -1, призер-8;
Гъоркьгъаквари: бергьарав -1, призер-5;
Лъондода: бергьарав-1, призер-2;
Агъвали гимназия бергьарав -1, призер-1.

Муниципалияб этапалъул олимпиадабазул хIасилазда рекъон, регионалияб этапалда гIахьаллъизе мустахIикълъана районалдаса анцIила цо цIалдохъан. Гьезда гьоркьоса ТIадгъаквари -1, ТIинди-3, Хуштада-3, Лъондода-2, Агъвали-2 цIалдохъан.

**МухIамад ГIумаров**

Социальный фонд

## С 1 января в силу вступил ряд изменений и нововведений в социальной сфере

**Пенсии подросли.**

- На 7,5% выросли страховые пенсии неработающих пенсионеров.

- Проиндексированы вновь назначенные пенсионные выплаты работающим россиянам через увеличение на 7,5% стоимости пенсионного коэффициента и фиксированной выплаты.

- Также в 2024 году изменился возраст выхода на пенсию по старости. Для женщин он составил 58 лет, для мужчин - 63 года. Для получения страховой пенсии теперь необходимо минимум 15 лет стажа и 28,2 пенсионного коэффициента.

**Пересчитали детские выплаты.**

- С началом нового года в России увеличилась величина прожиточного минимума, от которого зависит размер единого пособия -50%, 75% или 100%.

- Максимальная сумма пособия по беременности и родам увеличилась с 383 тыс. до 565 тыс. рублей.

- Теперь родители не теряют право на пособие по уходу за ребенком до 1,5 лет, если досрочно вышли из отпуска на работу.

- А выплата по уходу за ребенком-инвалидом родителям и опекунам сохраняется при выходе на работу на условиях неполного рабочего времени.

**Больничный лист.**

- Вырос максимальный размер пособия по временной нетрудоспособности - с 83 до 122 тыс. рублей в месяц.

**Материнский капитал.**

- Теперь право на материнский капитал возникает только у родителей, имеющих российское гражданство на момент появления ребенка, который является гражданином Российской Федерации по рождению.

- С 1 января отцы, у которых возникло право на сертификат, как и матери, могут направлять маткапитал на формирование своей накопительной пенсии.

- Семьи могут осуществить за счет средств материнского капитала реконструкцию дома блокированной застройки, площадь которого может быть увеличена в целях улучшения жилищных условий за счет проводимой разрешенным способом реконструкции.

- С 1 февраля размер маткапитала на первого ребенка составит 630 967,72 рубля, на второго - 833 800,37 рубля.

**Абдусалам Гусейнов**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Саситли» на 2024 год и плановый период 2025-2026г.г.

(тыс. руб.)

| № | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | сумма 2024 | сумма 2025 | сумма 2026 |
|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 3 | 3 |
| | | Собственные доходы: | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | Налог на дох. физ. лиц | 18,0 | 18,0 | 18,0 |
| 2 | 18210606013101000110 | Земельный налог | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| 3 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| 4 | 18210503000011000110 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| 5 | 00111705050100000180 | НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ | 35,0 | 35,0 | 35,0 |
| | Итого собственные доходы | | 60,0 | 60,0 | 60,0 |
| | | Трансферты | | | |
| 1 | 00120215001100000150 | Объем дотаций | 1768,0 | 1046,0 | 1046,0 |
| 2 | 00120235118100000150 | Субвен. ВУС | 157,0 | 174,0 | 192,0 |
| 3 | 00111701010100000180 | Невыясн. Поступл бюджет АСП | | | |
| | | Итого | 1925,0 | 1220,0 | 1238,0 |
| | | Всего доходов | 1985,0 | 1280,0 | 1298,0 |
| | | Расходы: | | | |
| 1 | 00101040020400500000 | Аппарат | 1308,7 | 885,0 | 885,0 |
| | 00101040020400500211 | в т.ч. зарплата | 991,2 | 680,0 | 680,0 |
| 2 | 00101130013800500000 | ЗАГС | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 3 | 18702030013600500000 | ВУС | 157,0 | 174,0 | 192,0 |
| | 18702030013600500211 | в т.ч. зарплата | 118,0 | 131,0 | 145,0 |
| 4 | 13205036000000500000 | ЖКХ | 220,0 | 0,0 | 0,0 |
| 5 | 07407074130100500000 | Молодёжная политика | | | |
| 6 | 05408014400000012000 | Культура | 294,3 | 221,0 | 221,0 |
| | 05408014400000012211 | в т.ч. зарплата | 226,0 | 170,0 | 170,0 |
| 7 | 17511050020400500000 | ФК и спорт | 5,0 | 0,0 | 0,0 |
| | | Всего расходов | 1985,0 | 1280,0 | 1298,0 |
| | | в т.ч. зарплата | 1335,2 | 981,0 | 995,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Саситли» З. Набигулаев**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Агвали» на 2024 год и плановый период 2025-2026г.г.

(тыс. руб.)

| № | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | сумма 2024 | сумма 2025 | сумма 2026 |
|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | Налог на дох. физ. лиц | 896,0 | 896,0 | 896,0 |
| 2 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 117,0 | 117,0 | 117,0 |
| 3 | 18210606013101000110 | Земельный налог | 110,0 | 110,0 | 110,0 |
| 4 | 18210503000011000110 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| 5 | 00111105025100000120 | Прочие налоговые доходы | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| | **Итого собственные доходы** | | **1151,0** | **1151** | **1151** |
| | | **Трансферты** | | | |
| 1 | 00120201001100000150 | Объем дотаций | 7580,0 | 5793,0 | 5793,0 |
| 2 | 00120215009100000150 | Дотация на частич компен. | | | |
| 3 | 00120203003100000150 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | 00120203015100000150 | Субвен. ВУС | | | |
| | | **Итого** | **7580,0** | **5793,0** | **5793** |
| | | **Всего доходов** | **8731,0** | **6944,0** | **6944,0** |
| | | **Расходы:** | | | |
| 1 | 00101049900010040000 | **Аппарат** | **1550,0** | **954,0** | **954,0** |
| | 00101049900010040121 | в т.ч. зарплата | 960,0 | 730,8 | 730,8 |
| 2 | 00103099900010070000 | **Резервный фонд** | **100,0** | **0,0** | **0,0** |
| | 00102039980051180121 | в т.ч. зарплата | | | |
| 3 | 00105039900040000000 | **ЖКХ** | **6981,0** | **5990,0** | **5990,0** |
| 4 | 00107079900070000000 | **Молодёжная политика** | | | |
| 5 | 00108019900080010000 | **Культура** | | | |
| | 00108019900080010111 | в т.ч. зарплата | | | |
| 6 | 00111059900090200000 | **ФК и спорт** | **100,0** | | |
| | | **Всего расходов** | **8731,0** | **6944,0** | **6944,0** |
| | | в т.ч. зарплата | 860,0 | 730,8 | 730,8 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Агвали» С. Гаджимагомедов**

Динияб бокIон

## РацIцIалъи иманалъул бащалъи буго

Жиндасан Аллагь разилъаяв ХIарисица бицана свалат-салам лъеяв Аварагас абунила: «РацIцIалъи гьаби иманалъул бащалъи бугилан».

Диналъулъги, дунялалъулъги рацIцIалъи гьаби, гьеб камилаб иманалъул бащалъи буго, ай загьираб рацIцIалъи цIуни: какичури, черх чури ва гьел гурел цойгидал рацIцIалъи гьари гIадал, гьединго рекIел, батIиниял унтабаздаса рацIцIалъи цIуниги; жахIда-хIусуд, гIужбу-рияъ, сумгIат, киналго рекIел чороклъабаздаса рацIцIалъи цIуни гIадалги. Гьеб ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб, иманалъул бащадаб кириялде бахунила, щайгурелъул иманалъ лагъасдаса бацIцIунила цебехун арабщинаб квешлъабазул мунагьал, кIудиял рукIа, гьитIинал рукIа батIалъи гьечIого.

Имам Нававияс хъвалеб буго: Имам Гъазалияс абунила: «РацIцIалъи» абураб рагIиялъул магIна: «РакI бацIцIалъи» кколила: гуккиялдаса, жахIдаялдаса, хIасадалдаса, ва гьел гурел цойги киналго рекIел унтабаздаса, щайгурелъул камилаб иман гьелдалъун гурони хIасуллъуларила.

Щив вугониги жинца кIиябго Шагьадат (ай «Ашгьаду алла илагьа иллаЛЛагь, ва ашгьаду анна МухIаммада РрасулуЛЛагь») бегьизабурав, гьесие Иманалъул цояб рахъ хIасуллъулила, щив вугониги жинца киналго рекIел унтабаздаса ракI бацIцIад гьабурав, гьесул иманалъул цойгидаб рахъ хIасуллъулила, цинги гьелдалъун, гьесул иманги камиллъулила. Амма ракI бацIцIад гьабичIев чи щив вугониги, гьесул иман мукъсанаб, камиллъичIеб букIунила»,- абун.

ГIалимзабазул цояз абунила: «ХIадисалда бугеб «РацIцIалъи» абураб рагIиялъул мурад, какичури ккolила»,- абун. Какичури гьеб кколила Алжан насиблъиялъе сабаблъунги, Имам Муслимица бицараб хIадисалда буго: «Муъминчияс камилго какичурани, цинги Аллагьасда ракIги хурхинабун кIиго ракагIатги бани, гьесие Алжан тIалъулила»,- абун.

**Какичуриялъул пайдаби**

-киналго гIисинал мунагьал чури;
-какичуриялъул лугбаца гьаруралщинал мунагьал чури;
-шагьидзабазул макъам щвей;
-хIинкъиялдаса хвасарлъи;
-алжан насиблъи...

**«КIиябго рукъалъул талихI» абураб тIехьалдаса босараб**

# Распределение лимитов и бюджетных ассигнований на 2024 год

Приложение
к решению сессии Собрания
депутатов МР «Цумадинский район»
от 28 декабря 2023 г. №12

в.тыс. руб.

| № п/п | Наименование | горяч пит 342 | | федер. кл.рук 211, 213 | з/пл с нач. | 226 | ОВЗ компенс пит. Инв | 211, 213 дотац | 211, 213 сов | В/р 244 | топливо 343 | э/энерг 247 | газ 223 | налоги и пошлины | | 0709 летн.лагерь | | 0701 ГКП 211, 213 | 0703 | | всего на 2024 год |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 211, 213 | | | | | | | | | 830 | 850 | 225 | питан. | | Доп.Обр точки роста 211, 213 | Доп. Часы 211,213 | |
| 1 | МБОУ "Агвалинская гимназия" | 4484,5 | 2 764,8 | 3 310,3 | 53 128,0 | 313 | 150,2 | 4 534,1 | 200,0 | 876,0 | 2350 | 750 | | | 650,0 | 550,0 | 374,4 | 1 461,5 | 642,4 | 71,0 | **76 610,2** |
| 2 | МБОУ "Гигатлинская СОШ" | 611,3 | 6,1 | 867,1 | 15 415,0 | 234 | 50,1 | 518,0 | | 109,0 | | 188 | 275 | | 110,0 | 460,0 | 262,1 | | 693,6 | 0,0 | **19 799,3** |
| 3 | МБОУ "Кванадинская СОШ" | 502,3 | 5,0 | 709,3 | 13 035,6 | 234 | | 518,0 | | 96,0 | | 188 | 260 | | 110,0 | | | | 693,6 | 19,8 | **16 371,6** |
| 4 | МБОУ "Тиндинская СОШ" | 982,9 | 9,8 | 1 182,7 | 23 977,4 | 234 | 25,1 | 691,9 | | 209,0 | 1230 | 375 | 240 | | 105,0 | 200,0 | 93,6 | | 769,6 | 166,8 | **30 492,8** |
| 5 | МБОУ "Н-Гакваринская СОШ-Сад" | 689,4 | 6,9 | 1 340,5 | 18 989,6 | 313 | 50,1 | 691,9 | | 96,0 | 872 | 263 | | | 48,0 | 200,0 | 93,6 | | 744,8 | 61,1 | **24 459,9** |
| 6 | МБОУ "В-Гакваринская СОШ-Сад" | 394,8 | 3,9 | 867,1 | 17 146,6 | 313 | 25,1 | 540,2 | | 85,0 | 432,5 | 163 | | | 20,0 | | | | 781,2 | 0,0 | **20 772,4** |
| 7 | МБОУ "Хуштадинская СОШ-Сад" | 490,4 | 4,9 | 867,1 | 14 196,2 | 313 | | 518,0 | | 89,0 | 540 | 225 | | | 30,0 | | | | 817,4 | 57,8 | **18 148,8** |
| 8 | МБОУ "Тлондодинская СОШ" | 85,8 | 0,9 | 709,3 | 12 035,9 | 234 | | 181,3 | | 71,0 | 650 | 125 | | | 15,0 | | | | 0,0 | 19,8 | **14 128,0** |
| 9 | МБОУ "Тиссинская СОШ" | 343,6 | 3,4 | 709,3 | 9 705,2 | 234 | | 345,9 | | 49,0 | | 75 | 127 | | 3,0 | 340,0 | 224,60 | | 0,0 | 19,8 | **12 179,8** |
| 10 | МБОУ "Метрадинская СОШ Сад" | 636,6 | 6,4 | 1 260,9 | 18 242,6 | 313 | | 691,3 | 95,3 | 110,0 | 597 | 88 | | | 35,0 | | | | 0,0 | 39,6 | **22 115,7** |
| 11 | МБОУ "Эчединская СОШ Сад" | 394,3 | 3,9 | 945,3 | 13 604,2 | 313 | 50,1 | 518,0 | | 78,0 | 430 | 100 | | | 15,0 | | | | 0,0 | 0,0 | **16 451,8** |
| 12 | МБОУ "Тисси-Ахитлинская СОШ Сад" | 331,8 | 3,3 | 867,1 | 11 451,7 | 234 | 50,1 | 451,4 | | 73,0 | 346 | 113 | | | 25,0 | | | | 0,0 | 49,6 | **13 996,0** |
| 13 | МБОУ "Кединсная СОШ Сад" | 673,3 | 6,7 | 789,0 | 11 550,3 | 313 | 25,0 | 518,0 | | 106,0 | 505 | 113 | | | 10,0 | | | | 0,0 | 0,0 | **14 609,3** |
| 14 | МБОУ "Гигатлм-Урухская СОШ" | 269,7 | 2,7 | 631,2 | 8 129,5 | 234 | | 299,7 | 100,3 | 45,0 | | 113 | 100 | | 24,0 | | | 360,0 | 0,0 | 16,5 | **10 325,6** |
| 15 | МБОУ "Саситлинская СОШ" | 282,2 | 2,8 | 631,2 | 9 472,4 | 234 | | 518,0 | | 37,0 | 259,5 | 38 | | | 20,0 | | | 302,2 | 0,0 | 0,0 | **11 797,3** |
| 16 | МБОУ "Хушетская СОШ" | 686,8 | 6,9 | 945,3 | 13 164,3 | 234 | | 721,5 | | 115,0 | 378,5 | 150 | | | 15,0 | | | | 0,0 | 0,0 | **16 417,3** |
| 90 | МБОУ "Хонохская СОШ-Сад" | 257,9 | 2,6 | 787,4 | 13 336,5 | 313 | | 540,2 | | 56,0 | 720 | 113 | | | 35,0 | | | | 0,0 | 0,0 | **16 161,6** |
| 18 | МБОУ "Гаккойская СОШ" | 296,1 | 3,0 | 551,5 | 8 526,4 | 234 | | 518,0 | | 33,0 | 519 | 81 | | | 25,0 | | | | 0,0 | 0,0 | **10 787,0** |
| 19 | МБОУ "Н.Инхокваринская СОШ Сад" | 552,4 | 5,5 | 1 024,9 | 15 284,7 | 313 | 25,0 | 518,0 | | 83,0 | 557,5 | 188 | | 2 140,0 | 65,0 | | | | 0,0 | 0,0 | **20 757,0** |
| 20 | МБОУ Гадиринская СОШ-Сад" | 147,8 | 1,5 | 551,5 | 9 220,8 | 313 | | 360,7 | | 36,0 | 252,5 | 81 | | | 10,0 | | | | 0,0 | 19,8 | **10 994,6** |
| 21 | МБОУ "Сильдинская СОШ" | 147,3 | 1,5 | 631,2 | 10 068,7 | 234 | | 345,9 | | 38,0 | 332 | 144 | | | 50,0 | | | | 0,0 | 19,8 | **12 012,4** |
| 22 | МБОУ "Гимерсинская СОШ" | 108,5 | 1,1 | 393,7 | 5 686,2 | 234 | | 172,0 | | 22,0 | | 75 | 125 | | 30,0 | | | | 0,0 | 0,0 | **6 847,5** |
| | | | | | | 2 025,2 | | | | | | | | | | | | | | | **2 025,2** |
| | **Итого** | **13370** | **2853,6** | **20572,9** | **325367,8** | **7963,2** | **450,7** | **14712,0** | **395,6** | **2512,0** | **10971,5** | **3749,0** | **1127,0** | **2140,0** | **1450,0** | **1750,0** | **1048,3** | **2123,8** | **5142,6** | **561,4** | **418 261,1** |

# Распределение лимитов и бюджетных ассигнований на 2024 год

Приложение
к решению сессии Собрания
депутатов МР «Цумадинский район»
от 28 декабря 2023 г. №12

( в тыс.рублях)

| № п/п | наименование | Госст. 211,213 | 226 | приобригрушки | комп. род. взнос | Дотац. 211,213 | Дотац Доп/часы 210 | В/р 244 | аренда 224 | питание 342 | топл. 343 | налоги и пошлины | э/энер 247 | Всего 2024 год |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | МБДОУ "Агвалинский детский сад №1" | 5928,7 | 190,0 | | 65,2 | 3252,4 | 34,0 | 158,0 | | 1329,4 | | 26,0 | 200,0 | **11183,7** |
| 2 | МБДОУ "Агвалинский детский сад №2" | 11635,6 | 190,0 | | 111,0 | 5633,0 | | 355,0 | | 2196,4 | 526 | 58,0 | 350,0 | **21055,0** |
| 3 | МБДОУ "Кочалинский детский сад" | 3840,1 | 190,0 | | 23,0 | 1877,6 | | 78,0 | 120 | 462,4 | 70 | 12,0 | 25,0 | **6698,1** |
| 4 | МБДОУ "Гигатлинский детский сад" | 1060,9 | 190,0 | | 32,9 | 2420,9 | 20,0 | 118,0 | | 650,3 | 325 | 19,0 | 40,0 | **4876,9** |
| 5 | МБОУ "Гадиринская СОШ-Сад" | 1732,2 | | | 0,0 | 0,0 | | | | 0,0 | | | | **1732,2** |
| 6 | МБДОУ "Кванадинский детский сад" | 2298,7 | 190,0 | | 12,4 | 1901,1 | 16,0 | 38,0 | | 245,7 | 325 | 6,0 | 50,0 | **5082,9** |
| 7 | МБОУ "Хуштадинская СОШ-Сад" | 6060,4 | | | 21,9 | 1814,7 | | 78,0 | 120 | 433,5 | 35 | 12,0 | 25,0 | **8600,5** |
| 8 | МБДОУ "Тиндиский детский сад" | 2234,2 | 190,0 | | 50,4 | 5615,6 | 36,0 | 160,0 | | 997,1 | | 25,0 | 220,0 | **9528,2** |
| 9 | МБОУ "Н-Гакваринская СОШ-Сад" | 2298,7 | | | 21,9 | 2527,6 | | 78,0 | | 433,5 | 180 | 12,0 | 25,0 | **5576,7** |
| 10 | МБОУ "В-Гакваринская СОШ-Сад" | 2165,0 | | | 20,4 | 2247,0 | | 78,0 | | 404,6 | 252,5 | 12,0 | 25,0 | **5204,5** |
| 11 | МБОУ "Эчединская СОШ-Сад" | 1148,5 | | | 22,6 | 1296,2 | | 78,0 | | 448,0 | 180 | 12,0 | 25,0 | **3210,3** |
| 12 | МБОУ "Метрадинская СОШ-Сад" | 2165,0 | | | 11,7 | 1727,2 | | 38,0 | 120 | 231,2 | 325 | 6,0 | 10,0 | **4634,1** |
| 13 | МБОУ "Кединская СОШ-Сад" | 1282,3 | | | 25,6 | 1035,9 | | 76,0 | 60 | 505,8 | 35 | 12,0 | 25,0 | **3057,5** |
| 14 | МБОУ "Н.Инхокваринская СОШ-Сад" | 1338,4 | | | 14,6 | 518,0 | | 38,0 | | 289,0 | | 6,0 | 10,0 | **2214,0** |
| 15 | МБОУ "Хонохская СОШ-Сад" | 2143,7 | | | 13,1 | 451,4 | | 38,0 | | 260,1 | 252,5 | 6,0 | 10,0 | **3174,8** |
| 16 | МБОУ "Тисси-Ахитлинская СОШ-Сад" | 1461,7 | | | 20,4 | 1953,6 | | 78,0 | 80 | 404,6 | 180 | 12,0 | 25,0 | **4215,3** |
| | приобр учебно-наглядной пособии | | 2052,9 | | | | | | | | | | | **2052,9** |
| | **Итого** | **48794,1** | **3192,9** | | **467,0** | **34272,1** | **106,0** | **1487** | **500** | **9291,4** | **2686** | **236** | **1065** | **102097,5** |
| | МБДОУ "ДЮСШ №1" | | 209 | | | 18920 | | 323,5 | | | 922,5 | | 120 | **20495,0** |
| | МБОУДО "РЦДО" | | 209 | | | 8835 | | 278,5 | | | 687,5 | | 130 | **10140,0** |
| | МБДОУ "ЦРТ" | | 209 | | | 6221 | | 230 | | | | | 140 | **6800,0** |
| | **Итого допобраз.** | **0** | **627** | **0** | **0** | **33976** | | **832** | **0** | **0** | **1610** | **0** | **390** | **37435,0** |

## Пожарная безопасность

Уважаемые жители района!

С начала 2024г. на территории нашего района произошло три пожара с нанесением материального ущерба в крупных размерах. Причинами пожаров явились нарушения правил пожарной безопасности при установке и эксплуатации печного отопления, недостаточные противопожарные разделки дымовых труб в местах их прохождения через деревянные перекрытия, отсутствие предтопочного листа.

Необходимо помнить, что дымоходные трубы обязательно надо прочищать в начале отопительного сезона и укомплектовать искрогасителем. Не захламлять чердачное помещение легкосгораемыми материалами.

Также причинами пожаров являются несоблюдение мер безопасности при установке и эксплуатации электрооборудования и обогревательных приборо.

Не перегружайте электрические сети, пользуйтесь электрообогревательными приборами имеющие тепловую защиту (терморегулятор), электропроводку применять только однородную (медь или алюминий), не допускайте эксплуатации электропровода с поврежденной или потерявшей защитные свойства изоляцией.

Учитывая, что последние годы идет газификация населенных пунктов района напоминаем для выполнения работ по монтажу и подключению газовых приборов привлекать специалистов. Почувствовав запах газа не предпринимать действия, которое может спровоцировать взрыв (включение освещения и др.), принять меры по отключению газа, проветрить помещение, вывести на свежий воздух пострадавших.

В случае пожара звоните 8 909 483-53-78 или 112.

**М. Сиражудинов, зам. гавы райадминистрации**

# Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» на 2024 год и плановый период 2025-2026г.г.

(тыс. руб.)

| № | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | 2024 | 2025 | 2026 |
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | Налог на дох. физ. лиц | 19,0 | 56,0 | 56,0 |
| 2 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 11,0 | 11,0 | 11,0 |
| 3 | 18210606013101000110 | Земельный налог | 6,0 | 5,0 | 5,0 |
| 4 | 18210503000011000110 | Сельхоз налог | 8,0 | 4,0 | 4,0 |
| 5 | 00111105025100000120 | Прочие неналоговые доходы | 50,0 | 45,0 | 45,0 |
| | **Итого собственные доходы** | | **94,0** | **121,0** | **121,0** |
| | | **Трансферты** | | | |
| 1 | 00120215001100000151 | Объем дотаций | 2215,0 | 1475,0 | 1475,0 |
| 2 | 00120235118100000151 | Субвен. ВУС | 161,0 | 178,0 | 196,0 |
| 3 | 00120235930100000151 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| | | **Итого** | **2376,0** | **1653,0** | **1671,0** |
| | | **Всего доходов** | **2470,0** | **1774,0** | **1792,0** |
| | | **Расходы:** | | | |
| 1 | 00101049900010040000 | **Аппарат** | **1267,0** | **931,2** | **931,2** |
| | 00101049900010040121 | в т.ч. зарплата | 617 | 682,0 | 682,0 |
| 2 | 00102039980051180000 | **ВУС** | **161,0** | **178,0** | **196,0** |
| | 00102039980051180121 | в т.ч. зарплата | 118,0 | 131,0 | 145,0 |
| 3 | 00105039900040000000 | **ЖКХ** | **597,0** | **168,8** | **168,8** |
| 4 | 00107079900070000000 | **Молодёжная политика** | **0,0** | **5,0** | **5,0** |
| 5 | 00108019900080010000 | **Культура** | **420,0** | **466,0** | **466,0** |
| | 00108019900080010111 | в т.ч. зарплата | 236,0 | 274,0 | 274,0 |
| 6 | 00111059900090200000 | **ФК и спорт** | **25,0** | **25,0** | **25,0** |
| | | **Всего расходов** | **2470,0** | **1774,0** | **1792,0** |
| | | в т.ч. зарплата | 971,0 | 1087,0 | 1101,0 |

**Председатель сельского Собрания**
**сельского поселения**
**«сельсовет Нижнегакваринский» Р. Магомедов**

# Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» на 2024 год и плановый период 2025-2026г.г.

(тыс. руб.)

| № | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | 2024 | 2025 | 2026 |
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | Налог на дох. физ. лиц | 56,0 | 56,0 | 56,0 |
| 2 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 11,0 | 11,0 | 11,0 |
| 3 | 18210606013101000110 | Земельный налог | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 4 | 18210503000011000110 | Сельхоз налог | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| 5 | 00111105025100000120 | Прочие налоговые доходы | 45,0 | 45,0 | 45,0 |
| | **Итого собственные доходы** | | **121,0** | **121,0** | **121,0** |
| | | **Трансферты** | | | |
| 1 | 00120201001100000150 | Объем дотаций | 1898,0 | 1475,0 | 1475,0 |
| 2 | 00120215009100000150 | Дотация на частич компен. | | | |
| 3 | 00120203003100000150 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | 00120203015100000150 | Субвен. ВУС | 168,0 | 186,0 | 205,0 |
| | | **Итого** | **2066,0** | **1661,0** | **1680,0** |
| | | **Всего доходов** | **2187,0** | **1782,0** | **1801,0** |
| | | **Расходы:** | | | |
| 1 | 00101049900010040000 | **Аппарат** | **1296,5** | **917,1** | **800,1** |
| | 00101049900010040121 | в т.ч. зарплата | 768,4 | 585,3 | 583,3 |
| 2 | 00102039980051180000 | **ВУС** | **168,0** | **137,0** | **137,0** |
| | 00102039980051180121 | в т.ч. зарплата | 123,0 | 98,0 | 98,0 |
| 3 | 00105039900040000000 | **ЖКХ** | **449,2** | **517,1** | **417,2** |
| 4 | 00107079900070000000 | **Молодёжная политика** | **10,0** | | |
| 5 | 00108019900080010000 | **Культура** | **263,3** | **190,8** | **188,8** |
| | 00108019900080010111 | в т.ч. зарплата | 117,9 | 147,3 | 147,3 |
| 6 | 00111059900090200000 | **ФК и спорт** | **10,0** | | |
| | | **Всего расходов** | **2187,0** | **1782,0** | **1801,0** |
| | | в т.ч. зарплата | 1009,3 | 830,6 | 828,6 |

**Председатель сельского Собрания**
**сельского поселения**
**«сельсовет Верхнегакваринский» С.Сулейманов**

## СПОРТ

# Рейтинговый турнир 2024




С 9-11 января 2024 года в Хорватии проходил первый рейтинговый турнир по вольной борьбе.

На нем наш земляк Магомед Рамазанов, дебютировавший в составе сборной Болгарии, завоевал золотую медаль в весе до 86 кг.

В решающем поединке воспитанник хасавюртовского УОР превзошел призера чемпионатов мира казахстанца Азамата Даулетбекова ( 8:5).

Рамазанов на предворительной стадии выиграл поочередно у Этона Ромоса из Пуэрто-Рико (12:1), американца Максвелла Дина (8:3), осетинского борца сборной Азербайджана Арсения Джиноева (5:1) и еще одного борца из США Чендлера Марстеллера (11:0). Очень много интересных схваток было на этих соревнованиях. Мы очень рады отличному старту Магомеда.

Молодежь, спортсмены и болельщики орлиного края от всей души поздравляют нашего триумфатора и желают удачи на предстоящих турнирах.

**Шамиль Бадрудинов**

# Футболалъул поле рагьана

Гьигьалъ-ГIурухъ бан лъугьана 42-24 метра халалъигун гIеблъиги бугеб, чIабаралда газонги лъураб сверухъ сеткаги ккун жаниб буссинабураб, гьаб заманалъул тIалабал цIунун бараб футболалъул поле.

Гьеб рагьиялда бан, 4 декабралда райадминистрациялъул спорталъулгун туризмалъул ва культураялъул отделалъ гьениб тIобитIана футбол хIаялъул кIудияб турнир.

Гьениве вачIун вукIана республикаялъул спорталъулгун физкультураялъул министр Сажид Сажидов.

Турниралда гIахьаллъана Агъвалиса, ТIиндиса, Гьигьалъ-ГIурухъа, БежтIаса, Болъихъа ва ГIахьвахъа командаби.

ГIолилаз гьениб бихьизабуна балагьарал разилъуледухъ лъикIаб хIай. ХIалуцарал къецазулъ тIоцебесеб бакI ккуна Болъихъ районалъул командаялъ, кIиабилеб бакI ккуна Гьигьалъ-ГIурухъ росдал командаялъ, лъабабилеб бакIалде ккана ТIинди росдал команда.

Бергьаразе ва призеразе кьуна кубок, дипломал ва гIарцулал сайгъатал 50 000 гъурущ, 30 000 гъурущ, 20 000 гъурущ (рекъон кколедухъ).

Гьединго тадбиралда гIахьаллъарал финалалда кечIел



командабазеги кьуна анцI-анцI азар гъурущ.

Тадбиралъул ахиралда росуцоязда футболалъулаб поле рагьи баркун кIалъазе вахъана ДРялъул спорталъулгун физкультураялъул министр Сажид Сажидов. Гьес гьединго бергьаразда ва призеразда баркана бергьенлъаби, гьарана киназего щулияб сахлъи, рохел, цолъи ва ракълилаб гIумру.

ГIолилазда рохалилаб тадбир баркун кIалъаял гьаруна районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадовас ва спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас.

Тадбир ана берцинго ва гIуцIадго. Гьалбадерие гIуцIун букIана гьарзаяб тепсиялъул столги.

**ТIайпур Юсупов**

# Пайдаял малъа-хъваял

**Занжабилалъул (инбир) чай**

Цо чайдал гъуд гIурччинаб чайдал заваркаялъул ва бащдаб чайдал гъуд бакъвазабун ххараб занжабилалъул кьибилалъул кружкаялъубе бала, тIаде тIела гьалулеб лъим, 10 минуталдасан гьекъела.

Гьелъ кванил роцен ва къагIида (диета) цIунизе кумек гьабула.

**Ражиялъул чай**

Босила цо чайдал гъуд гIурччинаб чайдал заваркаялъул ва ражиялъул кIиго гожо. Кружкаялъубе бала гIурччинаб чай ва гIисин гьабун буссараб ражи. Гьелде тIаде тIола гьалдолеб лъим. 10 минуталдасан гьекъезе бугьула. Гьекъолаго чанго секундалъ кIалдиб кквела, цинги къулчIила. Гьеб чай гIусал-цаби унтиялда данде чIчIола.

**«Халкъияб тохтурлъиялъул хазиналдаса» абураб тIехьалдаса босараб**

## Объявление

**Утерянный аттестат 05 АА 0048009 о среднем (полном) образовании на имя Меджидовой Патимат Мухтаровны, выданный 27 июня 2008 года Зареченской средней общеобразовательной школой муниципального образования «Кизлярский район», считать недействительным.**

**Утерянный аттестат 05660035035 об основном общем образовании на имя Мусаева Исмаила Хайдарбеговича, выданный 20 июня 2007 года Агвалинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района, считать недействительным.**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЩIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЩIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1432
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru